

# Sèvis Finasyè pou Elèv

## APLIKE POU ÈD FINANSYÈ CURRY COLLEGE 2025–2026

### Done ke ou Dwe Konnen

- Dat limit pryorite pou aplike pou Curry College pou èd finasyè se **1 Mas, 2025** pou elèv ki fèk ap antre
- Kòd Federal pou lekòl Curry College se **002143**
- Apre ke ou finn konplete FAFSA, Curry College ap detèmine elijibilite'w pou sous ke nou pral mete yo: Curry College, Eta ke ou rete ak Gouvènman Federal
- Lèt prim yo ale a elèv ki **FÈK ASEPTE** nan kòmansman Janvyè 2025 e ki inisyman baze sou enfòmasyon sou FAFSA
- Prim yo kapab vinn revize e ajiste baze sou revizyon de dokiman ke ou soumèt
- Prim yo kapab genyen nenpòt tip de èd sa yo: **Don ak Bous, Etid Travaye/oubyen Prè**

### Rechèch Bous

Curry College ankouraje elèv yo chache bous ki andeyò de lekòl la pou yo kapab peye montan edikasyon yo. Bous pa deyò sa yo bay endepandan de okenn èd ki federal, leta oubyen èd enstitisyonèl ke Curry bay. Elèv pa dwe janm peye yon frè pou sèvis rechèch bous.

- **College Board**  
[bigfuture.collegeboard.org/scholarship-search](http://bigfuture.collegeboard.org/scholarship-search)

- **Fastweb**  
[fastweb.com](http://fastweb.com)

### Resous Adisyonèl

- **ID Federa Èd pou Elèv (FSA ID)**  
[studentaid.gov](http://studentaid.gov)
- **Èd pou Elèv sou Entènèt**  
[studentaid.gov](http://studentaid.gov)
- **FAFSA**  
[studentaid.gov](http://studentaid.gov)

# ELÈV KAP ANTRE APLIKE POU ÈD FINANSYÈ 2025–2026

**Curry College ankouraje tout elèv pou aplike pou èd finansyè. Aplike pou èd finansyèse yon pwosesis senp pou tout èd enstitisyon, federa e leta.**

Tout elèv potansyèl elijib pou yo aplike pou èd finansyè tout o tan ke elèv la anrole nan yon pwogram pou yon degre, se yon citwayen ameriken oubyen yon rezidan pèmanan, gen yon diplòm lekòl e ranpli tout obligasyon jeneral pou èd finansyè.

## Kòman pou mwen kòmanse?

Aplike pou yon FSA-ID, si ou poko deja gen yon FSA-ID ki etabli.

- Elèv ak paran dwe aplike pou ID Federal pou elèv (FSA-ID) nan **studentaid.gov**. Sa pèmèt ou siyen pou aplikasyon (Free Application for Federal Student Aid FAFSA) gratis sou entènèt. O mwen yon paran ak yon elèv dwe genyen FSA-ID yo.

Soumèt FAFSA

- Ou kapab soumèt FAFSA 2025-26 nan studentaid.gov, nan kòmansman 1 Desanb, 2024. Nimewo kòd federal pou Curry se **002143**
- Sèvi ak Direct Date Exchange pou transfere enfòmasyon taks federal **2023** dirèkteman soumèt FAFSA

Dat limit pryorite pou aplike pou Curry College se **1 Mas, 2025**

## Ki lòt dokiman ki obligatwa?

Nou kapab mande elèv yo pou yo soumèt dokimantasyon adisyonèl pou detèmine oubyen finalize elijibilite yo pou èd finansyè a kòz de verifikasyon. Verifikasyon se yon pwosesis pou konfime enfòmasyon ke ou rapòte nan FAFSA. Sa enkli koleksyon ak revizyon dokiman adisyonè yo ki spesifye pa Depatman Edikasyon. Sèvis Finansyè pou Elèv ak kontakte elèv yo endividyèlman pou mande yo dokiman/enfòmasyon adisyonèl.

Tout dokiman ak enfòmasyon ke yo mande dwe soumèt dirèkteman a Ofis Sèvis Finansyè pou Elèvpa imè, faks, oubyen kourye. Tanpri enkli non elèv a ak ID Curry College nan tout dokiman ke ou soumèt.

# CURRY COLLEGE

1071 BLUE HILL AVENUE, MILTON, MASSACHUSETTS 02186

telefòn: (617) 333-2354 | faks: (617) 333-2915 | imèl: fin-aid@curry.edu